

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode studi kuasi ékspérimén. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 207) panalungtikan ékspérimén téh mangrupa panalungtikan anu miboga maksud pikeun mikanyaho aya atawa henteuna pangaruh tina hiji hal dina subjék. Salian ti éta, panalungtikan ékspérimén dipaké pikeun mikanyaho ayana hubungan sebab-akibat. Métode kuasi ékspérimén dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho ayana bébédaan atawa henteu antara saméméh jeung sanggeus dilarapkeun média poster.

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta desain kuasi ékspérimén. Aya tilu jenis desain anu dikatégorikeun kana kuasi ékspérimén, nya éta (1) *one shot case study*, (2) *one group pretest-posttest design*, (3) *static group comparison*.

Desain dina ieu panalungtikan ngagunakeun *One-group pretest-posttest design*. Desain panalungtikan digambarkeun dina bagan dihandap.

Tabel 3.1
Désain Panalungtikan

| <i>Pretest</i> | <i>Treatment</i> | <i>Posttest</i> |
|----------------|------------------|-----------------|
| O ₁ | X | O ₂ |

Keterangan:

O₁ : *Pretest*/pratés (kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun média poster)

X : *Treatment* (pangajaran nulis téks warta ngagunakeun média poster)

O₂ : *Posttest*/pascatést (kamampuh nulis téks warta sanggeus ngagunakeun média poster)

Dumasar kana desain di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun métode kuasi ékspérimén. Métode kuasi ékspérimén disebut ogé ku istilah *pre experimental design* nya éta ékspérimén anu lain sabenerna (Arikunto, 2010, kc. 123). Ieu ékspérimén sok disebut *ékspérimén semu*. Tujuan ékspérimén kuasi nya éta meunangkeun informasi nu mangrupa perkiraan informasi nu bisa dibeunangkeun ku *true experiment*, dina kaayaan anu teu mungkin pikeun ngontrol atawa ngamanipulasi sakabéh variabel. Cara ngukur kamampuh siswa dilaksanakeun dua kali pertemuan, nya éta saméméh perlakuan (*pretést*) jeung sabada perlakuan (*postést*).

Diperlukeun dua kali tés pikeun ngukur kamampuh siswa nya éta tés saméméh dibéré *treatment* jeung sabada dibéré *treatment* atawa dibéré perlakuan média pangajaran ngagunakeun poster. Ieu métode panalungtikan digunakeun pikeun ngukur alus henteuna média poster jeung ngukur kamampuh siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022 dina pangajaran nulis téks warta.

3.2 Sumber Data

Sumber data nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tulisan nu mangrupa warta nu di tulis ku siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022 anu jumlahna 36 siswa, ngawengku 36 siswa awéwé. Sumber datana digambarkeun dina tabél di handap.

Tabel 3. 2
Data Siswa Kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar

| Kelas | Jenis Kelamin | Jumlah |
|---------------|---------------|-----------|
| XI-AKL 3 | Awéwé | 36 |
| Jumlah | | 36 |


Nu jadi data dina ieu panalungtikan téh nyaéta kamampuh nulis téks warta. Data anu kahiji nyaéta nalika *pre-test* nu mangrupa kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun média poster. Ari nu kadua nyaéta *post-test* nu mangrupa kamampuh sanggeus ngagunakeun média poster.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran, dina

prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik.

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nya éta ngagunakeun desain *pretest-posttest*. Sangkan leuwih jéntré, titénan dina bagan ieu di handap.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana prosedur panalungtikan, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu di handap.

a) Maluruh masalah dina panalungtikan

Masalah nu karandapan dina pangajaran nulis warta téh nya éta dina struktur téks warta, aspék kabasaan jeung pola midang warta. Dina ieu tahap dilaksanakeun wawancara langsung ka guru basa Sunda SMA/SMK/MA/MAK Batujajar pikeun meunangkeun informasi ngeunaan masalah nu aya dina pangajaran nulis téks warta, hususan dina nepikeun matéri pangajaran nulis téks warta.

b) Ngarumuskeun masalah

Rumusan masalah katitén sabada ngaidéntifikasi masalah, panalungtik ngarumuskeun masalah dumasar kana pasualan nu aya dina kamampuh nulis téks warta siswa kelas XI-AKL 3 SMK Batujajar.

- c) Nyusun raraga tiori.
- d) Ngarumuskeun hipotésis
- e) Nyusun instrumén panalungtikan.
- f) Ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMK Mahardika Batujajar Taun Ajar 2021/2022.

Anapon tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis téks warta;
 - 2) nyiapkeun instrumén panalungtikan; sarta
 - 3) ngalaksanakeun panalungtikan ka siswa.
- g) Ngalalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik ngaliwatan *SPSS versi 2.0*.

Anapon tahap nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) ngumpulkeun data;
- 2) ngolah hasil data *pretest*;
- 3) ngolah hasil data *posttest*; sarta
- 4) nyusun laporan hasil dumasar panalungtikan.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik tés. Dina ieu panalungtikan téhnik tés miboga tujuan pikeun meunangkeun data, boh saméméh boh sanggeus dibéré stimulus ka siswa dina prosés diajar-ngajar nulis téks warta. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaliwatan téhnik tés nu ngawengku tés tulis dimana eusina peunteun siswa nu ngawengku struktur warta, éjaan kabasaan jeung eusi nalika nulis téks warta. Téhnik nu dilaksanakeun ngawengku tés awal (*pre-test*) jeung tés ahir (*post-test*).

Dilaksanakeun ieu tés téh kusabab data utamana nu dibutuhkeun téh nya éta data ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks warta. Ieu data bisa dibeunangkeun ngaliwatan hiji ukuran kalawan ngagunakeun téhnik tés.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan saperti ieu dihandap.

1. ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar kana matéri nulis téks warta nu henteu ngagunakeun média poster.
2. siswa migawé pancén nu mangrupa prates nulis téks warta pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa kana nulis téks warta.
3. sanggeus mikanyaho kamampuh awal siswa kana nulis téks warta ngaliwatan *pre-test* jeung *post-test* nu geus dilaksanakeun, panalungtik nangtukeun poster nu bakal digunakeun pikeun nerpakeun dina média posterna.
4. ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar matéri nulis téks warta ngagunakeun média pangajaran.
5. sanggeus ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun média poster, tuluy dilaksanakeun *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus dibéré *treatment* naha ngaronjat atawa henteu.

Bédana kamampuh nulis téks warta nu dipiboga ku sumber data saméméh jeung sanggeus perlakuan bisa ditilik tina perbandingan skor *pre-test* jeung *posttest*.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus atawa henteuna instrumén anu digunakeun ku panalungtik. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés.

Téhnik tés ieu dipake pikeun meunangkeun data kamampuh siswa dina nulis téks warta saméméh ngagunakeun média poster jeung sanggeus ngagunakeun média poster. Tés tulis anu kahiji nya éta *pre-test* anu mangrupa tés awal sanggeus ngagunakeun média poster. Nu kadua nya éta *post-tes* anu mangrupa tés ahir sanggeus ngagunakeun média poster.

Soal Pratést *Pretest*)

Wasta :
No. Absén :
Kelas :

Pék hidep tulis hiji warta nu aya di sabudeureun lingkungan sakola kalawan merhatikeun sababaraha aspék ieu di handap.


1. Judul Warta
2. Eusi (5W+1H)
3. Basa Tulisan dina Warta
4. Pola Midangkeun Warta

Soal Pascatést (*Posttest*)

Wasta :
No. Absén :
Kelas :

Pék hidep tulis hiji warta nu aya di sabudeureun lingkungan sakola kalawan merhatikeun sababaraha aspék ieu di handap.

1. Judul Warta
2. Eusi (5W+1H)
3. Basa Tulisan dina Warta
4. Pola Midangkeun Warta



3.6 Téhnik Analisis Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara nu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pre-test* jeung *post-test*. Ngolah data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun ngaliwatan téhnik-téhnik ieu di handap.

- a. Data nu diolah nyaéta data nu dikumpulkeun ngaliwatan *pre-test* jeung *post-test* nu dilaksanakeun ka siswa kelas XI-AKL 3 SMK Batujajar.
- b. Méré peunteun dumasar kana aspék nu geus ditangtukeun nyaéta eusi warta (unsur-unsur warta), basa tulis dina warta (pilihan kecap/diksi, éjahan, struktur kecap, jeung struktur kalimah) jeung pola midangkeun warta (struktur warta). Nu meunteun ieu data nyaéta panalungtik éta sorangan. Rubrik peunteun nu digunakeun nyaéta saperti ieu di handap.

Tabel 3. 3
Format Penilaian

| No | Aspék nu dipeunteun | | Skor | Kritéria |
|------------------------------------------------------------|--------------------------------------|--------|------|------------------------------------------------------------------------------------|
| 1. | Eusi Warta (Unsur-Unsur Warta 5W+1H) | Naon | 1-5 | 5= Hadé pisan (aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan “naon” merenah atawa saluyu) |
| | | | | 4=Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) |
| | | | | 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) |
| | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) |
| | | Dimana | 1-5 | Aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan dimana kajadian dina warta. |
| | | | | 5= Hadé pisan (aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan “dimana” merenah atawa saluyu) |
| 4= Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) | | | | |

| No | Aspék nu dipeunteun | | Skor | Kritéria | | |
|---------------------------------------------------|---------------------|-------|------|---------------------------------------------------------------------|--|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | | | 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) | | |
| | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) | | |
| | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) | | |
| | | Iraha | 1-5 | | | 5= Hadé pisan (aya kalimah ngajelaskeun “iraha” kajadian dina warta geus merenah atawa saluyu) |
| | | | | | | 4= Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) |
| | | | | | | 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) |
| | | | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) |
| | | Saha | 1-5 | | | 5= Hadé pisan (aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan “saha” waé nu aya dina warta, geus merenah atawa saluyu) |
| | | | | | | 4= Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) |
| | | | | | | 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) |
| | | | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) |
| | | Naha | 1-5 | | | 5= Hadé pisan (aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan “naha” kajadianana lumangsung dina warta, geus merenah atawa saluyu) |
| | | | | | | 4= Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) |
| 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) | | | | | | |

| No | Aspék nu dipeunteun | | Skor | Kritéria |
|----|-------------------------|-----------------------|------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) |
| | | Kumaha | 1-5 | 5= Hadé pisan (aya kalimah nu ngajelaskeun ngeunaan “kumaha” lumangsungna kajadian dina warta, geus merenah atawa saluyu) |
| | | | | 4= Hadé (kalimah nu dicaritakeun saluyu, tapi teu merenah) |
| | | | | 3= Sedeng (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu) |
| | | | | 2= Kurang (kalimah nu dicaritakeun kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | 1= Kurang pisan (teu asup kana naon nu dicaritakeun) |
| 2. | Basa Tulisan dina Warta | Pilihan Kecap (diksi) | 1-5 | 5 = Hadé pisan (pilihan kecapna saluyu jeung merenah) |
| | | | | 4 = Hadé (pilihan kecapna saluyu tapi teu merenah) |
| | | | | 3 = Sedeng (pilihan kecapna kurang saluyu) |
| | | | | 2 = Kurang (pilihan kecapna kurang saluyu jeung teu merenah) |
| | | | | 1 = Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | | Éjahan | 1-5 | 5 = Hadé Pisan (ngawasa kana éjahan, kasalahan ngan saeutik) |
| | | | | 4 = Hadé (ngawasa kana éjahan tapi sakapeung sok aya kasalahan dina éjahan) |
| | | | | 3 = Sedeng (kasalahan dina éjahan mindeng kajadian) |
| | | | | 2 = Kurang (teu ngarti kana éjahan) |
| | | | | 1 = Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | | | | Struktur |

| No | Aspék nu dipeunteun | | Skor | Kritéria |
|----|-----------------------|----------------|------|--------------------------------------------------------------------------------------|
| | Kecap | | | panulisan kecap dina warta) |
| | | | | 4 = Hadé (aya saeutik kasalahan dina panulisan warta) |
| | | | | 3= Sedeng (loba kasalahan dina panulisan jeung kamalayan) |
| | | | | 2 = Kurang (teu nagrti kana struktur kecap nu ditulis) |
| | | | | 1= Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| | Struktur Kalimah | | 1-5 | 5 = Hadé Pisan (kalimah nu digunakeun saluyu jeung SPOK) |
| | | | | 4 = Hadé (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK tapi aya saeutik kasalahan) |
| | | | | 3 = Sedeng (kalimah nu digunakeun kurang saluyu jeung SPOK loba kasalahan) |
| | | | | 2= Kurang (teu ngarti kana struktur kalimah, loba kasalahan) |
| | | | | 1= Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan) |
| 3. | Pola Midangkeun Warta | Struktur Warta | 1-5 | 5 = Hadé Pisan (struktur wartana lengkep pisan) |
| | | | | 4 = Hadé (struktur wartana rapih tapi kurang kengkep) |
| | | | | 3 = Sedeng (struktur wartana kurang rapih jeung kurang lengkep) |
| | | | | 2 = Kurang (struktur wartana acak-acakan jeung teu lengkep) |
| | | | | 1 = Kurang Pisan (teu asup butuh bimbingan) |

(Putri, 2017, kc.50)

Méré peunteun kana hasil *pre-test* jeung *post-test* nulis téks warta siswa ngagunakeun rumus kalayan skor maksimal 100. Kalayan ngagunakeun rumus saperti ieu di handap.

$$Peunteun = \frac{\Sigma \text{ skor nu kahontal}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

Keterangan:
Skor maksimal: 100

Tabel 3. 4
Kritéria Peunteun Dumasar KKM

| Peunteun | Keterangan |
|-----------|------------|
| ≥ 78 | Mampuh |
| ≤ 78 | Can Mampuh |

c. Skor ahir siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabel 3. 5
Kamampuh Nulis Téks Warta Siswa

| | NA | Kamampuh Nulis Téks Warta | | | Σ | P | Kategori/KKM 78 |
|----------|----|---------------------------|---|---|----------|---|--------------------|
| | | A | B | C | | | |
| Σ | | | | | | | |
| X | | | | | | | |

Keterangan:

NA : Nomer absén

A : Eusi warta

B : Basa tulis dina warta

C : Pola midangkeun warta

Σ : Jumlah skor

P : Peunteun

X : Rata-rata peunteun

KKM : 78

Kategori : Peunteun ≥ 78 siswa dianggap mampuh nulis téks warta

: Peunteun ≤ 78 siswa dianggap can mampuh nulis téks warta

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dina ieu panalungtikan nya éta uji normalitas jeung uji homogénitas. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ku cara maké *software SPP PASW versi 20 Statistical Product and Service* (SPSS) nya éta hiji

program nu dipaké pikeun mantuan panalungtik dina prosés ngolah, ngitung, jeung nganalisis data sacara statistic. Dina *input* nu dianalisis nya éta hasil *pre-test* kamampuh nulis téks warta saméméh ngagunakeun média poster jeung *post-test* kamampuh nulis téks warta sanggeus ngagunakeun média poster, sarta *indeks gain* nu salajengna dijabarkeun dina *output* hasil analisis SPSS.

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu fungsina pikeun mikanyaho normal atawa heunteuna data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Pikeun nangtukeun normal atawa henteuna, digunakeun cara *Shapiro-Wilk* kalawan hipotésis saperti ieu di handap.

H_0 : distribusi data normal

H_1 : distribusi data teu normal

Uji normalitas cara *Shapiro-Wilk* ngagunakeun taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$) kalawan kritéria nguji saperti ieu di handap.

H_0 ditarima, lamun nilai signifikansi $\geq 0,05$ H_1 ditolak, lamun nilai signifikansi $\leq 0,05$

3.6.2 Uji Hipotésis Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 110), hipotésis asalna tina kecap “*hipo*” nu hartina di handap jeung “*tesis*” nu hartina bebeneran. Jadi hipotésis téh nyaéta dugaan nu can tangtu bebeneranana, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan hiji panalungtikan. Uji hipotésis téh dilakukeun ku dua cara. Nu kahiji nyaéta saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data téh miboga distribusi anu normal, hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun *t-test*. Lamun data na teu miboga distribusi teu normal, pikeun nguji hipotésisna digunakeun cara statistik non paramétris. Anapon hipotésis dina ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

- a. Hipotésis Alternatif (H_a) dina ieu panalungtikan nya éta “Ayana béda anu signifikan kana kamampuh nulis téks warta saméméh jeung sanggeus dilarapkeun Média Poster ka siswa kelas XI-AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022. Anu hartina nilai H_a ditolak, lamun nilai signifikansi $< 0,05$.”

- b. Hipotesis Nol (H_0) dina ieu panalungtikan nya éta “Teu aya béda anu signifikan kana kamampuh nulis warta saméméh jeung sanggeus dilarapkeun média poster ka siswa kelas XI- AKL 3 SMK Mahardika Batujajar taun ajar 2021/2022. Anu hartina nilai H_0 ditarima lamun nilai signifikansi $\geq 0,05$.